

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif. Métode kualitatif nyaéta panalungtikan anu boga tujuan pikeun maham kana kajadian ngeunaan hal – hal anu karandapan ku subjék panalungtikan misalna laku lampah, *persepsi*, motivasi, tindakan, jstc., sacara *holistik*, sarta ku cara medar dina wangun kecap-kecap jeung basa, dina hiji kontéks husus anu alamiah jeung ngagunakeun sakabéh métode ilmiah (Rusandi & Muhammad Rusli, 2021). Saluyu jeung pamadegan Ali jeung Yusuf (dina Ardianto, 2019) yén métode kualitatif téh, panalungtikan anu henteu ngagunakeun alat-alat statistik.

Luyu jeung métode panalungtikan nu dipaké, pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan déskriptif. Ari pamarekan déskriptif nya éta nganalisis, ngagambarkeun, jeung ngaringkes sababaraha kaayaan, situasi tina sababaraha data anu dikumpulkeun mangrupa hasil wawancara atawa panalungtikan ngeunaan pasualan anu ditalungtik nu aya di lapangan (Winartha dina Lindawati, 2016). Sudjana (dina Sucipto, 2015) ngébréhkeun yén pamarekan déskriptif nyaéta panalungtikan anu boga tujuan pikeun ngajelaskeun kajadian nu aya dina mangsa kiwari. Kitu ogé nurutkeun Arikunto (2013) kecap deskriptif asal kecapna tina basa Inggris nya éta '*to describe*' nu hartina ngajelaskeun ngeunaan hiji hal, umpana dina wangun laporan panalungtikan dijelaskeun kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina nganalisis novél *Potret* karya Ahmad Bakri.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Dumasar kana métode jeung pamarekanna, dina ieu panalungtikan dibutuhkeun hiji desain panalungtikan. sangkan bisa ngagampangkeun panalungtikan. Ku ayana ieu desain panalungtikan bisa aya gambaran atawa konsépan sacara jelas kana kagiatan-kagiatan naon waé anu kudu dilakukeun tur bisa méré konsépan atawa gambaran pikeun kahareupna geus karandapan ku panalungtik saméméhna (Fadli, 2021).

Dina ieu panalungtikan desain panalungtikan dipidangkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka (studi pustaka). Nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 57) yén dipakéna téhnik téks atawa ulikan pustaka téh lamun data basa anu dikumpulkeunna tina sumber tinulis saperti buku, koran, majalah. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data gayabasa ngupamakeun dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data anu baris dilaksanakeun nya éta saperti di handap:

- 1) nangtukeun sumber data nu mangrupa novél *Potrét*;
- 2) maca novél *Potrét* minangka sumber data anu dianalisis wanda gayabasa ngupamakeunna;
- 3) nyirian kalimah-kalimah anu ngandung gayabasa ngupamakeun;
- 4) nyatet gayabasa ngupamakeun nu aya dina novél *Potrét* kana kartu data digital;
- 5) mindahkeun data gayabasa ngupamakeun nu aya dina kartu data kana tabél data;
- 6) méré nomer kode data gayabasa ngupamakeun.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*), nyaéta analisis pikeun niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2014, kc. 58). Dina ieu panalungtikan objék anu ditalungtik téh nyaéta novél *Potrét* karya Ahmad Bakri, unsur anu dianalisis nyaéta wanda gayabasa ngupamakeun, struktur gayabasa ngupamakeun, jeung ciri-ciri gayabasa ngupamakeun. Sanggeus nyangking data, téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan data diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui data gayabasa ngupamakeun anu geus dikumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data dumasar wanda jeung struktur gayabasa ngupamakeun.
- 3) Ngadéskripsikeun wanda jeung struktur gayabasa ngupamakeun nu kapaluruh.

- 4) Ngadéskripsikeun gayabasa ngupamakeun dumasar kana ciri-ciri gayabasa ngupamakeun.
- 5) Nyieun tafsiran jeung kacindekan ngeunaan gayabasa ngupamakeun tina hasil analisis data.

### 3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngukur *fenomena*, jeung nalungtik data anu saluyu jeung pasualan nu keur karandapan kana sampel anu keur ditalungtik (Kurniawan, 2021).

#### 3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data digital. Dina unggal paragraf nu aya dina novél *Potrét* anu ngandung gayabasa ngupamakeun disalin kana kartu data, diébréhkeun kode sumber data jeung data deskripsi tina data nu kapanggih.

Anapon kartu data dina ieu panalungtikan bisa katitén di handap.

Tabél 3 1Kartu Data Gayabasa Ngupamakeun

<b>KARTU DATA</b>	
<i>(Gayabasa Ngupamakeun anu dicutat), (kode data sumber catatan)</i>	
Analisis Gayabasa Ngupamakeun	
Wanda gayabasa ngupamakeun :	
1. ngaran awak sakujur	(        )
2. ngaran sasatoan	(        )
3. ngaran tutuwuhan	(        )
4. ngaran kaayaan alam	(        )
5. ngaran barang	(        )
6. ngaran laku lampah manusa	(        )
Struktur kalimah gayabasa ngupamakeun :	
Ciri-ciri gayabasa ngupamakeun:	
1. maké kecap panyambung <i>asa</i>	(        )
2. maké kecap panyambung <i>cara</i>	(        )
3. maké kecap panyambung <i>ibarat</i>	(        )
4. maké kecap panyambung <i>jiga</i>	(        )
5. maké kecap panyambung <i>kawas</i>	(        )
6. maké kecap panyambung <i>kadia</i>	(        )
7. maké kecap panyambung <i>lir</i>	(        )
8. maké kecap panyambung <i>saperti</i>	(        )
9. maké kecap panyambung <i>sig</i>	(        )

Keterangan kartu data:

- a) gayabasa ngupamakeun anu dicutat;

- b) kode data sumber cutatan dina ieu kartu data nyaéta;
- c) analisis gayabasa ngupamakeun dumasar kana;
  - 1) wanda gayabasa ngupamakeun,
  - 2) struktur kalimah gayabasa ngupamakeun,
  - 3) ciri-ciri gayabasa ngupamakeun,
 contona (P/2/1/2) nuduhkeun novél *Potrét* dina kaca dua, paragraf kahiji, kalimah kadua.

Di luhur geus dijelaskeun instrumen panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital anu ébréh dina tabél 3.1. Satuluyna, sakabéh data diwilah-wilah deui dumasar data gayabasa ngupamakeun anu aya dina novél *Potrét* disusun kalawan alfabet ti a nepi ka z. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap tabél anu digunakeun pikeun milah data.

Tabél 3 2  
Instrumén Kartu Data

Alfabet	Data Gayabasa Ngupamakeun	Kode Sumber Data
A		
B		
C		
D		
E		
F		
G		
H		
I		
J		
K		
L		
M		
N		
O		
P		
Q		
R		
S		
T		
U		
V		
W		
X		
Y		
Z		

Sabada ngasupkeun sakabéh data gayabasa ngupamakeun anu disusun tina alpabet a-z, tuluy sakabéh data diwilah-wilah deui dumasar kana wanda gayabasa

ngupamakeun, struktur kalimah gayabasa ngupamakeun, jeung ciri-ciri gayabasa ngupamakeun.

Tabél 3.3  
Sumber Babandingan Gayabasa Ngupamakeun

No. Urut	No. Data	Data GB Ngupamakeun	Kode Sumber Data	Sumber Babandingan					
				AS	S	T	B	KA	LL

Kat:

AS: Awak Sakujur

S: Sasatoan

T: Tutuwuhan

B: Barang

KA: Kaayaan Alam

LL: Laku Lampah

Tabél 3.4  
Struktur Kalimah Gayabasa Ngupamakeun

No Urut	No Data	Data GB Ngupamakeun	Kode Sumber Data	Unsur Fungsional Kalimah				
				Konj+J	Konj+C	Konj+U	Konj+P	Konj+K

Kat:

Konj+J: Konjungsi + Jejer

Konj+C: Konjungsi + Carittaaan

Konj+U: Konjungsi + Udagan

Konj+P: Konjungsi + Panglengkep

Konj+K: Konjungsi + Katerangan.

*GAYABASA NGUPAMAKEUN DINA NOVÉL POTRÉT KARYA AHMAD BAKRI (Ulukan Sintaksis jeung Stilistika)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5  
Format Pananda Gayabasa Ngupamakeun

No Urut	No data	Data GB Ngupamakeun	Kode Sumber Data	GB Ngupamakeun anu maké konjungsi										
				A	C	I	J	Kw	Kd	L	Sp	Sg		

Kat:

A: *asa*

C: *cara*

I: Ibarat

J: Jiga

Kw: Kawas

Kd: Kadia

L: Lir

Sp: Saperti

Sg: Siga

### 3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta kartu data digital. Kartu data digunakeun pikeun nyangking jeung ngadéskrupsikeun data-data nu kapanggih. Kartu data dina ngolah data katitén ieu di handap.

#### 1) Conto kartu analisis wanda gayabasa ngupamakeun

No. Data	Data GB Ngupamakeun	Kode Sumber Data	Analisis
(003)	Ari ayeuna <i>asa manggih taméng dada</i>	(P/19/3/4)	Dina ieu data disebutkeun ngaran anggahota awakna nyaéta dada. Dada nyaéta bagian awak anu aya saluhureun beuteung ogé sahandapeun beuheung. Katitén yén ieu data kaasup kana gayabasa ngupamakeun anu nuduhkeun ngaran awak sakujur.

## 2) Conto kartu analisis struktur gayabasa ngupamakeun

No. Data	Data Gayabasa Ngupamakeun	Kode Sumber Data	Analisis
(020)	Buukna pérang <i>kawas haramay</i>	P/52/1/3	kaasup kana gayabasa ngupamakeun anu miboga struktur kawas + kecap barang. Katitén dina ieu data susunan polana nyaéta Konj ( <i>kawas</i> ), KB ( <i>haramay</i> ). Ieu kecap barang téh kaasup kana kecap barang paéh.


## 3) Conto kartu analisis ciri gayabasa ngupamakeun

No. Data	Data Gayabasa Ngupamakeun	Kode Sumber Data	Analisis
(021)	<i>Cara budak milih baju di pasar.</i>	P/66/4/4	dina ieu data katitén yén éta kalimah kaasup kana gayabasa ngupamakeun. Ku sabab, dina éta kalimah ngandung kecap babandingan nyaéta <i>cara</i> . Ari nu jadi babandinganna nyaéta paripolah jelema anu keur bingung nalika milih dua awéwé nu rék ditikahkeun, ku lantaran ka duanana bogoh, diibaratkeun saperti budak nu milih baju di pasar

### 3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data ieu panalungtikan nyaéta kalimah-kalimah anu ngandung gayabasa ngupamakeun. Éta kalimah téh dijaring tina sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Potrét* karya Ahmad Bakri. Saluyu jeung pamadegan Arikunto, (2013, kc. 172) ngébréhkeun yén sumber data panalungtikan téh nyaéta subjék anu dipaké pikeun nyangking data. Kitu ogé nurutkeun Wahidmurni (2017, kc.8) sumber data ngarujuk kana asal data panalungtikan nu dicangking jeung dikumpulkeun ku panalungtik. Upama panalungtik ngagunakeun studi Pustaka, anu jadi sumber datana nyaéta catetan atawa tulisan-tulisan, sedengkeun eusina mangrupa subjék panalungtikan. Sangkan leuwih apal kana novél nu baris ditalungtik.

Ku kituna, urang kudu apal kana idéntitas novél. Anapon idéntitas novél nu baris ditalungtik dipedar di handap.



Judul Buku: Potrét  
Pangarang: Ahmad Bakri  
Pamedal: PT Kiblat Utama  
Taun Medal: 2014  
Kandelna: 125

Gambar 3.1 Buku Novél Potrét

Sumber: <https://www.goodreads.com/book/show/25357656-potr-t>

Dina taun 2014, sastra Sunda dieuyeuban ku medalna buku *Potrét* mangrupa salasahiji novél Sunda karya Ahmad Bakri. Salian ti éta, novél *Potrét* medal taun 2014 nu mangrupa novél nu nyaritakeun kasang tukang kahirupan kota kawadanaan di Tatar Sunda saméméh perang.

Dina caritana tangtu loba kecap-kecap nu teu ilahar di mangsa kiwari, saperti “Bendara” nu hartina juragan. Sesebutan ka camat, wadana jeung patih mangsa harita. Kitu ogé dina gayabasana tangtu loba kalimah anu miboga harti kiasan. Saperti “kawas kaliki ka pipir-pipir, buukna pérang kawas haramay”

Tingkesan carita dina ieu novél *Potrét* nyaéta nyaritakeun kahirupan kota kawadanaan di Tatar Sunda saméméh perang, dina mangsa harita kasataran sosial anu sok dijadikeun pasualan. Masih aya basa ménak jeung cacah. Dina ieu carita, Ahmad Bakri nyaritakeun aya ménak anu kawin jeung cacah anu antukna sanggeus boga budak, éta cacah téh ditinggalkeun. Kacaturkeun hiji CA (dibaca Se-A, singgetan tina candidat ambtenar, calon priyayi) anu keur ditugaskeun di hiji kawadanaan. Caritana ieu Se-A téh minangka budak ti ménak. Upas anu ngaping manéhna anu sarua keur magang didinya téh, ngaranna Harja, nyatana éta téh dulur sabapa jeung Se-A, Harja téh nyaéta budak anu ditinggalkeun ku bapana. Dina ieu carita ogé, anu nyieun panasaran pamaca nyaéta ku ayana misteri leungitna potrét Se-A ti kamarna. Salian ti aya nu maling potrét Se-A jeung Harja jadi dulurna téh, nyatana awéwé nu rék ditikahkeun ogé sarua dulur manéhna (Bakri, 2014).